Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 23 (7319)
1 Июнь 2018 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Баркула!

ХIурматиял лъай кьеялъул хIалтIухъаби, хириял выпускникал ва эбел-эмен!

«Унсоколо район» МОялъул администрациялъул хIалтIухъабазул, районалъул Собраниялъул депутатазул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула нужеда ахирисеб цIумур кьабиялъул праздник.

24-26 маялда районалъул киналго школазда кьабуна ахирисеб цIумур, нахъа тана ургъел гьечIеб школалъул гIумро, цебе абуни буго цIияб, нужецаго нужерго жаваб кьезе кколеб гIумро. Щивасул цебе буго жинди-жиндир нух.

Гьаб соналда школаз районалда къватIире ричачлел руго I52 выпускник, гьезда гьорлъ руго медалазде гьира бугелги.

Хириял выпускникал! Школалъул ахирисеб цIумур ккола гIемерал саназ нуж балагьун чIараб праздник. Гьеб кьоялъ нужеца къо-лъикI гьабула школалъулгун, нуцIа рагьула чIахIиязул гIумроялде, байбихьула нужерго гIумро.

Нуж руго цIияб нух тIаса бищулеб гIорхьода, божарав вуго нужер щивас битIараб нух тIасаги бищун, нужехъаго бажарулеб махщел тIаса бищилин.

Гьарула гIумроялъулъ, нужее, гIатIидаб нух, тIаса бищаралъулъ гвангъарал бергьенлъаби, щулияб сахлъи, гIумроялъулъ унгоунгояб талихI. Кинаб нух тIаса бищаниги лъан букIа гьеб гIагараб школалдасан байбихьарабльи.

РакI-ракIалъулаб баркала педагогазе, киналго лъай кьолезе, ракI-ракIалъ гIолеб гIелалъе лъай кьеялъулъ гьабураб хIалтIухъ.

Баркалаялъул хинал рагIаби абизе бокьун буго эбел-инсуе, щайгурелъул нужерго лъималазул ургъалида нуж щибаб кьоялъ пикрабалъ рукIана, рукIана лъикIал насихIатчагIилъун, бикьана гьезие лъикIлъи. Щибаб кьойил хIажалъулеллъулха лъималазе эбел-инсудехун мугъчIвай.

ТалихI, битIккей экзаменал кьеялъулъ, нух битIаги гIумроялъул нухда!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бет1ер**

## Районалъул Собраниялъул сессиялъул заседание



29 маялда букIана «Унсоколо район» муниципалияб районалъул депутатазул Собраниялъул сессиялъул заседание. ГIахьаллъана Собраниялъул пред. К. Асадулаев, районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, гьесул зам. С. АрулмухIамадов, депутатал, росабазул бутIрул, тIаде ахIарал.

Гьоркьоб лъуна «Районалда гIаммаб лъай кьеялъул учреждениязда лъайгун тарбия кьеялъул бугеб ахIвалхIал»,-абураб Л. МухIамадгIалиевасул информация. МухIамадгIалиевас гьениб бихьизабуна районалда бугин I5 гIаммаб лъай кьеялъул школа, I3 ясли-ах ва чанго школа тун къватIибехунисеб хIалтIул учреждениял. «Исана ЕГЭ кьолеб буго I52 выпускникас, ОГЭ – 333 чияс. ГIемераб хIалтIи гьабуна гьел экзаменазде хIадурлъиялъе. Гьал кьоязда гьел байбихьулел руго. Гьарула цIалдохьабазе экзаменал кьолаго битIккей»,-ян абуна гьес.

Гьенибго росдал магIишаталъул хIалтIуе ругел бигьалъабазул, саранча тIибитIизе рес букIиналъулги бицана отделалъул нач. Ж. Якъубовас.

ГI. НурмухIамадовас ва С. АрулмухIамадовас тIадчIей гьабуна налогал ракIариялда, ракьал, минаби тIад хъваялда, районалъул уставалда гьарун ругел хиса-басиязул бицана У. Бартыхановалъ

## ГIумроялъул нухде нухал ритIаги!

(Районалъул школазда кьабуна ахирисеб цIумур)




24 маялда киса-кирего районалъул гIаммаб лъай кьеялъул школазда кьабуна «Ахирисеб цIумур». Цо кьоялъ гьеб тадбир тIобитIана анльго: Унсоколо № 2, ГIашилтIа, Генуб, Шамильхъала ва цогидалги школазда. Гьеб бищунго бокьулеб лъугьа-бахьинлъун ккола щивав школа лъугIулесе.

Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас районалъул сайталдасан ва «Ахихъан» газеталдасан баркана выпускниказда ва гьезул эбел-инсуда школалъулгун къо-лъикIлъи гьабулеб ва цIияб гIумроялде гали тIамулеб праздник. Гьаб соналда районалда школа лъугIулеб буго I52 цIалдохьанасул. Байрамалде ахIун рукIана эбел-эмен, росабазул нухмалъулел, лъай кьеялъул управлениялъул хIалтIухъаби.

Берцинал, талихIал, багIарал лентаби рухьарал цIалдохьабаз берцин гьабун букIана школазул азбарал, берцинго кьачIан рукIана гьел.

Щибаб школалда хадур рухьинарун рукIана райадминистрациялъул хIалтIухъаби, районалъул Собраниялъул депутатал ва гь. ц. Гьез, школазул нухмалъулез, эбел-инсуца баркиялъул кIалъаял гьаруна байрамазда. Дагьал рукIинчIо выпускниказул, школазул цIаралда абулел хинал рагIаби, букIана кечI-бакъан. Гьенир кучIдул ахIана П. МухIамадовалъ, М-ХI. ХIадисовас ва цогидазги.

Тадбиралда ХIурматиял грамотаби кьуна республикаялъул, районалъул конкурсазда, кьецазда бергьаразе. ГIадат хIисабалда тIоцебесеб класс лъугIараз ва выпускниказ цоцазе кьуна сайгъатал.

ГIемерсаназулаб гIадаталда рекъон рохалилаб тадбир лъугIана ахирисеб цIумур кьабиялдасан. Зодоре риччана шарал.

Кьабуна ахирисеб цIумур, лъугIана школалъулаб гIумро, выпускниказ гали лъуна чIахIиязул гIумроялде. Нух битIаги нужее, щивас тIаса бищараб гIумроялъул нухда!

**Районалъул бетӀерасухъ гьал къоязда йикӀана ННТ общественниябгун политикияб телеканалалъул шеф-редактор Сусана Халилова. ДандчӀваялъул аслияб тема букӀана бахъизе бугеб районалъул бечедаб тарихалъул, интересал гӀадамазул, гьелъул культураялъул хӀакъалъулъ документалияб фильмалъул.**

**Жиндирго иргаялда бетӀерас баркала загьир гьабуна гьелъие районалде къураб кӀвараалъухъ.**



1 Июнь - Халкъазда гьоркьосеб лъимал цӀуниялъул Къо

# РакӀ-ракӀалъ баркула!

ХӀурматиял районалъул гӀадамал!

Баркула нужеда халкъазда гьоркьосеб лъимал цӀуниялъул Къо.

Гьеб праздникалъ нилъеда – чӀахӀиязда ракӀалде щвезабула гӀун бачӀунеб гӀелалда цебе нилъер бугеб жавабчилъи, тӀамула гьезул букӀинеселда тӀад ургъизе, тӀалаб-агъазгун, рокьигун гьел гӀезаризе. Ва нилъеца кинабго гьабизе ккола гьезул бадиб магӀу ххуличӀеб лъимерлъи гьезие кьезе. Нилъеца лъималазул гьабулеб тӀалаб ва рокьи метер нилъехъего тӀад буссун бачӀине буго. ТӀалаб-агъазалъ куцала гьезулъ гӀагараб ВатӀаналда цебе налъиги.

Лъимал физическиябги гӀамал-хасияталъул рахъалъги сахаллъун гӀеялъе кинабго гьабулеб буго нилъер республикаялда, кӀвар кьолеб буго лъайгун культура бугел, гӀаданлъи, яхӀ-намус цӀунараллъун гьел гӀезариялъе. Гьеб мурадалда хӀалтӀулел руго лъималазул учреждениял.

ГӀемерал талихӀал, камилал къоял, сахлъи, парахалъи, цоцада ричӀчӀи, хӀалтӀулъ бергьенлъаби гьарула щивасе. Щибаб рокьоб рагӀе абе, лъималазул релъи!

**ГӀ. НУРМУХӀАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетӀер**

# Учебные тренировки в рамках исполнения плана АТК в РД на 2018 год

23 мая 2018 года с участием помощника Главы РД – представителя аппарата АТК в РД в ГТО РД Сайпудина Сайпова в МО «Унцукульский район» провели учебные тренировки в рамках исполнения плана АТК в РД на 2018 год и оказания практической и методической помощи руководству МО и аппарату антитеррористической комиссии муниципального образования по реализации вопроса: «Отработка действий АТК в РД, территориальных органов федеральных органов исполнительной власти по РД, органов государственной власти РД и органов местного самоуправления РД по реализации положений Порядка установления уровней террористической опасности, предусматривающих принятие дополнительных мер по обеспечению безопасности личности общества и государства, утвержденного Указом Президента Российской Федерации от 14 июня 2012 г. № 851».

На отдельных участках территории Российской Федерации (объектах) могут устанавливаться следующие уровни террористической опасности:

а) повышенный («синий») - при наличии требующей подтверждения информации о реальной возможности совершения террористического акта;

б) высокий («желтый») - при наличии подтвержденной информации о реальной возможности совершения террористического акта;

в) критический («красный») - при наличии информации о совершенном террористическом акте либо о совершении действий, создающих непосредственную угрозу террористического акта.

В работе приняли участие члены и аппарат муниципальной антитеррористической комиссии, представители силовых ведомств Унцукульского района. В результате рассмотрены следующие вопросы:

Отработка действий главы МО - председателя АТК в МО и аппарата АТК в МО «Унцукульский район», подразделений оперативной группы в МО при установлении (отмене) уровней террористической опасности. Разработка необходимых документов.

Взаимодействие АТК в МО и пресс-службы администрации МО в вопросах подготовки информационных сообщений для населения и распространения в СМИ. Разработка ими необходимых документов.

Взаимодействие аппарата АТК в МО с ТО ФОИВ, ответственными за реализацию мероприятий при установлении уровней террористической опасности.

Взаимодействие членов АТК в МО при введении на территории муниципального района уровней террористической опасности. Оценка соответствия разработанных планирующих документов предъявляемым требованиям.

Совместно с пресс-службой администрации МО отработаны схемы оповещения местного населения, с целью охвата большого числа абонентов.

Помощником Главы РД и представителями правоохранительных органов отмечено о необходимости доведения до «автоматизма» алгоритма действий всех субъектов противодействия терроризму, в случае возникновения чрезвычайных ситуаций и террористических угроз, даны конкретные практические рекомендации. Выявленные в плане АТК в МО незначительные недостатки устранены на месте в рабочем порядке.

Аппараталъулаб данделъи

# Аслияб суал букӀана ЕГЭ кьей

Цере ругел ЕГЭ ва ОГЭ кьей, налогал ракӀари, ракьал тӀад хьвай, неформалияб занятость, районалъул культурияб рахъ ва гӀемерал цогидалги суалазул бицана гьал къоязда букӀараб аппараталъулаб совещаниялда. Гьеб бачана ГӀ. НурмухӀамадовас. ГӀахьаллъана бетӀерасул замал, Собраниялъул пред., райадминистрациялъул хӀалтӀухъаби ва гь. ц. Аслияб суаллъун данделъиялда букӀана Пачалихъиял экзаменал гӀуцӀадго кьей.

Пачалихъиял экзаменал кьеялде гьабулеб хӀадурлъи лъикӀаб бугин бихьизабуна гьениб ГӀ. НурмухӀамадовас: «Арал саназда щварал лъикӀал хӀасилазда гӀей гьабун чӀезе бегьуларо, жеги лъикӀал хӀасилазде гьираялда рукӀине ккола. Щайгурелъул гьеб буго нилъер лъималазул гӀумроялъулъ жавабияб заман»,-ян бихьизабуна гьес.

Лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухӀамадгӀалиевас тӀад чӀей гьабуна гьабураб хӀадурлъиялда. Гьединго бихьизабуна экзаменал байбихьилалде чанго нухалъ гьезул жавабиязулгун дандчӀвай гьабунин. ДандчӀваял рукӀанин эбел-инсулгун, гьезда бичӀчӀизабунин суалалъул бугеб кӀвар. Гьабураб хӀадурлъиялда рекъон экзаменал лъикӀ ине кколин бицана гьес.

БетӀерасул зам М. ХӀамзатовас тӀадчӀей гьабуна ЕГЭялъул заманалда цӀа ккеялдаса ва цогидалги хӀинкъи буголъи букӀиналдаса цӀунизе кколин. Гьелъие квербакъи гьабизе кколин ихтияр цӀунулел органаз,-абун.

Бицен ккана «Сосна» сахлъи цӀуниялъул комплекс лъимал къабул гьаризе хӀадур букӀиналда хурхунги. Л. МухӀамадгӀалиевас бихьизабуна хутӀун ругин гӀиси-бикъинал хӀалтӀаби, гьелги гьал къоязда рагӀалде рахьине ругин.

Росдал магӀишаталъул отделалъул нач. Ж. Якъубовас тӀадчӀей гьабуна гӀи гочинаби лъугӀулеб бугилан. Гьеб хӀалтӀи рагӀалде бахьине кколин июналъул I декадаялде,-ян абуна гьес.

Гьединго тӀадчӀараб хӀалтӀи гьабулеб буго саранча тӀибитӀунгутӀиялъе. Амма Якъубовас бихьизабухъе гьеб иш гьабизе ккола жалго ракь хӀалтӀизабулез. Гьелда хурхун бичӀчӀи кьеялъул хӀалтӀаби гьарулелги руго.

Данделъиялда бицана ракьал ккеялда, нухазда бакӀал раялда, районалъул санитарияб ахӀвал-хӀалалда хурхун. Гьенибго «Жилищниябгун коммуналияб магӀишаталъул хъулухъалъул» МКУялъул нач. А. ГӀабдулхаликъовас бихьизабуна Шамильхъалаялда шагьаралъулаб ахӀвал-хӀал лъугьинабиялъе кинабго гьабизе бугин. ХӀисабалде босун буго парк ва лъималазул площадка берцинго къачӀазе.

# «Сосна» - лъималазул сахлъи цӀуниялъул комплекс хӀадурго буго



22 маялда районалде бачӀун букӀана лъималазе каникулазул заманалда хӀалхьи гӀуцӀиялъул бакӀал хӀадуриялъухъ балагьизе РДялъул Роспотребнадзоралъул ва Россиялъул РДялда бугеб МЧСалъул вакилзабаздасан гӀуцӀараб ведомствабазда гьоркьосеб комиссия. Гьезда гьоркьор рукӀана РДялъул туризмалъул ва халкъиялгун художественниял промыслабазул министрасул зам. В. Демченко, РДялъул Буйнакск шагьаралда бугеб потребителазул ихтиярал цӀуниялъул рахъалъ хъаравуллъи гьабиялъул Федералияб хъулухъалъулаб Управлениялъул территоралияб отделалъул начальникасул зам. ГӀ. Писаев ва цогидалги.

ХӀалтӀулаб комиссиялъ цадахъаб халгьаби тӀобитӀана ГӀашилтӀа рохьоб бугеб «Сосна» лъималазул сахлъи цӀуниялъул комплексалда Комиссиягул цадахъ рукӀана «Унсоколо район» МОялъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадов, зам. М. ХӀасанова, лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухӀамадгӀалиев. Ралагьана комплекс сверун къан бугеб куцалъухъ, ахӀи балеб сигнализациялъухъ, видеонаблюдениялъухъ.

Гьал къоязда киса-кирего республикаялда унел руго лъималаз риидал хӀалхьи гьабизе ругел бакӀазда лъималазе хӀинкъи гьечӀолъиялъул ва сахлъи цӀуниялъул стандарталъулал тӀалабал цӀунун ругищали хал гьарият. Лагеразул хал гьабиязул стандарталда гьоркьобе уна санитариял нормаби, цӀа ккеялъул хӀинкъи гьечӀолъи, терроризмалда данде чӀараб цӀуниги. Комплексалда гьабураб халгьабиялъ бихьизабуна лъимал къабул гьаризе гьеб 95% хӀадур гьабун букӀин. Халгьабиязда рекъон лагералда букӀине ккола гӀурччинаб, тӀогьилаб ва багӀараб лъабалго зонаби. I7 маялде Дагъистаналда тӀогьилаб зонаялда буго кинабниги 5-7 лагерь, гьезда гьоркьобе уна «Соснаги». Л. МухӀамадгӀалиевас бихьизабухъе хутӀараб 5% хӀалтӀул гьал къоязда рагӀалде бахьине буго.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 23 (7319)*
*Рузман*
*1 июнь 2018 сон*

3 гьумер

# Садовод

**Страница в номере**



# Жизнь, отданная служению народу

(к 100-летию со дня рождения М-С. Умаханова)

6 июня исполняется 100 лет со дня рождения видного государственного и общественного деятеля России, Дагестана Магомед- Салама Ильясовича Умаханова.

С именем М.-С. Умаханова связывают целую эпоху в развитии Дагестана. Уроженец небольшого горного села Цудахар, Магомед-Салам Ильясович после получения среднего образования с отличием окончил Дагестанский рыбопромышленный техникум и в 1937 году стал секретарем Махачкалинского городского комитета ВЛКСМ. В годы Великой Отечественной войны воевал на Западном, Центральном, Брянском, 2-ом Прибалтийском и 1-ом Белорусском фронтах, участвовал в значимых военных операциях на территории нашей страны и за рубежом, дослужился до парторга 525-го стрелкового полка, был отмечен пятью боевыми орденами и многочисленными медалями.

После демобилизации из состава Военно-Морских Сил СССР М.-С. И. Умаханов вернулся в родную республику, где был утвержден в должности заведующего военным отделом Дагестанского обкома ВКП (б), с августа 1952 года по апрель 1953 года — председателя исполкома Избербашского округа, а с апреля 1953 года — министра легкой и пищевой промышленности.

За свою долгую политическую карьеру Магомед-Салам Ильясович поработал первым секретарем Карабудахкентского райкома КПСС, Председателем Совета Министров Дагестанской АССР, первым секретарем Дагестанского обкома КПСС, был депутатом Верховного Совета Дагестанской АССР и СССР.

При содействии М-С. Умаханова Карабудахкентский район республики вышел из отстающих в передовые.

За годы пребывания М-С. Умаханова на посту Председателя Совета Министров ДАССР и Первого секретаря Дагестанского обкома КПСС были созданы новые промышленные предприятия



и отрасли экономики: электротехническая, приборостроительная, станкостроительная и др., построены Чиркейская и Чирюртовская ГЭС, начато возведение двух крупных гидроэлектростанций Сулакского гидрокаскада — Ирганайской и Миатлинской ГЭС, было введено в строй более 50 промышленных предприятий, построены новые типовые школы, в сельском хозяйстве появились крупные производства.

Около 30 лет М.-С. И. Умаханов представлял ДАССР в Верховном Совете СССР, возглавлял комиссию по охране природы и рациональному использованию природных ресурсов. Он использовал весь свой авторитет для привлечения в республику ресурсов союзных министерств и ведомств, создания новых предприятий и социальной инфраструктуры. После его выступления на XXV съезде КПСС были приняты стратегические решения о создании в республике сети санаторно-курортных и туристических комплексов и сохранении экологической системы Каспийского моря.

Благодаря построенным в регионе по инициативе депутата М.-С. Умаханова предприятиям машиностроительной, легкой, пищевой промышленности горные территории оказались центрами индустриальной революции, в них создавались высокотехнологичные рабочие места с высоким уровнем оплаты труда. Это способствовало закреплению населения на территории исторического проживания народа, сохранению языка и национальной самобытности.

При поддержке М.-С. И. Умаханова в Дагестане были открыты университет и политехнический институт, укрепилась материально- техническая база Дагестанского филиала Академии наук СССР, подлинного расцвета достигли национальная литература и искусство, высокие результаты были достигнуты в сфере физкультуры и спорта.

Магомед-Салам Ильясович У маханов пользовался огромным авторитетом не только в Дагестане, но и за его пределами, значителен его вклад в укрепление братских связей с соседними республиками.

Замечательная судьба М.-С. И. Умаханова — пример честного служения своему народу и своей стране. Дагестанцы бережно хранят память о выдающемся земляке, ему установлен памятник в Махачкале, его имя носят улица дагестанской столицы, общеобразовательная и детско-юношеская спортивная школы, его памяти посвящен проводимый ежегодно международный турнир по боксу.

# ОПМ «Трактор» и «Мототранспорт»

**В последнее время участились дорожно-транспортные происшествия с участием водителей мототранспортных средств и**



**сельскохозяйственной техники. В целях недопущения дорожно-транспортных происшествий с тяжкими последствиями с участием водителей мототранспортных средств и сельскохозяйственной техники на территории района проводятся профилактические мероприятия «Трактор» и «Мототранспорт» с 28 мая по 15 июня 2018 года.**

**В период проведения мероприятий осуществляется контроль за соблюдением водителями сельскохозяйственной техники и мототранспорта правил дорожного движения. Запрещено передвижение гусеничных тракторов, экскаваторов по федеральным автомобильным дорогам. Запрещено движение тракторов и другой сельс-кохозяйственной техники в вечернее и ночное время суток, их оставление на обочинах автомобильных дорог. Отделение ГИБДД предупреждает, что при проведении мероприятий, особое внимание уделяется выявлению и пресечению фактов эксплуатации указанных транспортных средств, имеющие технические неисправности, не зарегистрированного в установленном порядке, а также с внесенными изменениями в их конструкцию.**

**Начальник ОГИБДД ОМВД России**
**по Унцукульскому району**
**майор полиции Мусавузов Р.Н.**

# Индивидуальным предпринимателям

Государственное казенное учреждение «Центр занятости населения «Унцукульский район» информирует действующих ИНДИВИДУАЛЬНЫХ ПРЕДПРИНИМАТЕЛЕЙ, что при реализации дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, утвержденных постановлением Правительства Российской Федерации от 29 декабря 2017 года № 1685, в 2018 году будут проводится мероприятия по стимулированию предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест за счет предоставления гранта в сумме 200, 0 тыс. рублей на одного предпринимателя, при условии трудоустройства на созданные рабочие места не менее 2 человек.

Индивидуальным предпринимателям, претендующим на получение грантов, для участия в конкурсном отборе обращаться в Центр занятости населения Унцукульский район по адресу: **село Унцукуль улица М.Мустафаева №30, контактные тел: 55-62-58**

**ГКУ РД ЦЗН в**
**МО «Унцукульский район»**

# ГӀисинал махщелчагӀазухъ

Декоративиябгун прикладнияб искусствалъул цебегосеб махщелазул цояб ккола халичаби рессsucc. Дагъистаналда халичаби ресси кидаго букӀана гӀицӀго руччабазул ишлъун, хасго Нарият МаллахӀусенова йижараб ракьалда (гьей йиго Дербент районалдаса). Гьениб халичаби рессизе лъазе кколаан щияй ясалда. Нилъер гьаниб батӀиял рукӀана гьабулел махщелал; цӀулада гӀарцул накъищал рекьулаан нилъер умумаз.



Церегосел 80 абилел соназда ячӀана Унсоколо районалде Нарият. Гьале гӀемерал саназ гьей хӀалтӀулей йиго Шамильхъалаялъул лъималазул творчествалъул халичаби рессизе гӀолилазда малъулеб кружокалъул нухмалъулейлъун. Нариятица ракӀ-ракӀалъ кьола лъималазухъе гьеб махщалил балъголъаби. ГӀисинал, амма унго-унгоял халичаби рессулел станоказда хӀалтӀула гӀисинал махщелчагӀи. Амма гьезул кверазрессарал гӀисинал халичаби кигӀан дагьабги къадаралъ гӀодоре ккарал гьечӀо качествалъул рахъалъ.

Халича бесси гьеб ккола хасаб гӀелму. Гьелъие къваригӀуна хасаб кӀвар буголъи, тӀадчӀей. ТӀад бахъулеб гьоркьо, халичадул бухаро, кунада гарацӀ балеб нус – крючок – гьеле гьел ккола гӀисинал рессарухъабаз хӀалтӀизарулел тӀагӀелал. Аслияб жо; хӀажатаб кьералъул гарацӀ базе ккола хӀажатаб бакӀалда. Гьеб кинабго махщалида гьабун бажарулеб бугоан гӀисинал рессарухъабазда. Гьезул гӀисинал квераз цоялда хадуб цояб, бигьаго лъугьинабулеб бугоан халичаялда расен. Щибаб къойил къалъудаса нахъе ясал рази-ракиго данделъула лъималазул творчествалъул рокъоре ва цӀидасан тӀаделъула бокьулеб ишалде. ЦӀияб хӀасраталъул цӀун рукӀуна хехго халича лъугӀизабизе. Гьеб кьезе бегьула сайгъаталъе, квешаб сайгъат букӀинаро гьеб. Лъималаз жидецаго тӀаса рищула жидеего расенал, хадур жидерго нухмалъулелъул кумекалдалъун лъугьуна хӀалтӀуде гъорлъе.

Гьеб махщалиде чи хӀадур гьави бигьаяб иш кколаро. Амма гьелъул кигӀан дагьабниги захӀмалъи букӀунаро Нариятие. Гьелъул рагӀабазда рекъон гьеб лъазабулел ясал руго цӀакъго хӀаракатал ва цӀодорал.

Творчествалъул рокъор ругьунлъулел ясал чанго нухалъ рахъана республикаялъул художественнияб прикладниябгун техническияб творчествалъул конкурсазда, выставкабазда призераллъун.

Гьелъ лъималазулъ бижизабула ВатӀаналде, культураялде, берцинлъиялде рокьи. Ясал абуни занятиязде рачӀуна байрамалде гӀадин. ГӀицӀго цо жоялъ пашманлъула гьел, занятиял хехго лъугӀиялъ ва нахъиселде хӀалтӀи тезе ккеялъ.

Нариятидехун хасаб баркалагун ралагьула рессарухъабазул улбул. Лъимал ругьун гьарулел ругелъулха хасаб холареб махщалие. Гьеб буго гӀумроялъе къваригӀине бегьулеб махщел, гӀумроялъего тӀаса бищизе бегьула ясаз гьеб иш.

РакӀ-ракӀалъ гьарула гьайбатаб махщалие ругьун гьарулел ясазе ва гьезул нухмалъиялъе творчествалъулал рорхалъаби, некӀсияб махщел цӀуниялъе лъикӀал къасдал.

**Мадина СУЛТАНОВА.**

# Пайда цӀикӀкӀараб хӀалтӀи

Нухал гьари ва къачӀай диналъ беццараб, кири цӀикӀкӀараб хӀалтӀи буго. ЛъикӀал нухал росдал бечелъи ккола. Нижер Унсоколо районалъул Балахьуни росулъе рачӀунел нухал рукӀана свераби ва эхедераял гӀемераб, цо-цо бакӀаздасан къваридалги. Араб соналъул май моцӀалъул байбихьуда Балахьуни росулъ тӀобитӀана муфтий, шейх АхӀмад-хӀажи ГӀабдулаевасул призалъе гӀоло волейбол хӀалезул республикаялъулаб турнир. Гьеб турниралда гӀахьаллъизе вачӀарав муфтиясда бихьана нухазул бугеб ахӀвал-хӀал. 20I7 соналъул ахиралда гьес ритӀун нухал къачӀазе рачӀана «Кочубейавтодоралъул» хӀалтӀухъаби. БакӀ ккун букӀаго абизе ккола: тӀадехун рехсараб фирмаялъул генералияв директор Мачилаев МухӀамадгӀарифица лъазабуна: нухал къачӀаялъе хӀажалъулеб техника жиндица мухь босичӀого, киридахъ хӀалтӀизе биччалеб бугилан. МашааАллагь! Гьале унго-унгояв бусурбанчи, Аллагьас гьесул рекӀелъ иман жеги щулалъизабеги, МухӀаммадгӀарифил кӀудияб садакъаги БетӀергьанас къабулаблъун гьабеги!

Хасалил къокъал къояз, анлъго моцӀалъ къохӀехьон нухал рахъиялда хӀалтӀана Шамил районалъул Гъоркьа-Бакълъухъа эксковаторщик АхӀмаев МухӀаммад, бульдозерист ТӀайгибов МухӀаммад, нухазде чабах баччиялда КАМАЗ машинабазул шоферзаби Каматов ГӀалиасхӀаб, ГӀабдуразакъов Шамил, ЗанатӀаса МухӀамадрашид, Хьаргабиса грейдерчи ХӀажимурад ва цогидалги. Гьел киналго ккола нухал рахъиялъул хӀалбихьи бугел лъикӀал специалистал ва кӀвахӀ гьечӀел хӀалтӀухъаби. Гьезие хадуб гъезабун къваригӀараб тараб чӀезабуна Мачилаев МухӀамадицаги. Аллагьасе рецц буго: жакъа Балахьунире унел нухазда кӀиго нухалъ дагьлъана эхедераял, гӀатӀид гьарун ва чабах баччун къачӀана киналго свераби. Гьеб киналъулго хӀасилалда нухлул манзилги къокълъана. ГӀицӀго Майданское-Балахьуни нухал къачӀай гуребги «Кочубейавтодоралъ» тӀаде чабах баччун I0 км. лъикӀал нухал гьаруна Балахьуни росдал администрациялде гьоркьобе унеб МокӀсохъ росулъеги, гьединго тӀаде чабах бан къачӀана росулъ жаниса гӀебеде ругел нухалги. Нухал къачӀаялъул пачалихъияб роценалда борциндал баянлъана 70 миллион гъурущалдаса цӀикӀкӀараб къадаралда хӀалтӀи гьабун букӀин. Анлъго моцӀалъ хӀалтӀухъаби хӀалтӀуде ва нахъе раччи гуребги гьезие квенги регелги ва цогидаб къваригӀарабги чӀезабуна росдал администрациялъул бетӀер Уллубий НурмухӀаммадовас ва гьесда хьолбохъ чӀарал гӀолохъабазги. Балахьуни росдал жамагӀаталъ ракӀ-ракӀалъулаб баркала кьолеб буго тӀоцебесеб иргаялда муфтий АхӀмад-хӀажие, МухӀамадгӀарифие, Уллубий-хӀажие ва киналго нух къачӀаялда хӀалтӀаралщиназе. Аллагьас киназего кири гӀемер гьабеги белехьдерил нухазда, хӀалтӀарал тӀолазего! Гьари буго БетӀергьан: Фирдавус насиб гьабеги,-ян.

**ЖамагӀаталъул гьариялда рекъон хъвана**
**М. ГЪАЗИМУХӀАМАДОВАС**

Редакциялде кагъат

# Нилъеда аскӀор лъикӀал гӀадамал

Ассаламу гӀалайкум, хӀурматиял «Ахихъан» газеталъул хӀалтӀухъаби!

Бокьун буго нужер газета гьоркьоб цевеккун дидаги лъалев вукӀинчӀев, амма дир хӀакъалъулъ бицен рагӀарабго, берда вихьичӀониги дие кумек гьабеян амру гьабурав магӀаруласе баркала кьезе. Гьев ккола Унсоколо районалъул ГьаракӀуни росулъа, цӀар буго БатӀалов ГӀумар. ГӀумро гьабун дун вуго МахӀачхъалаялда, ккола ГӀашилтӀа росулъа. ХӀалтӀулев вуго № I0I бугеб маршруткаялда. Хушеталдеги маххул нухазул вокзалалдеги буго дир маршрут. Дун гуро ресалда вугев чи, амма нилъер чӀахӀиял гӀадамаз беццулеб къагӀидаялда Аллагьас кьуралда щукруги гьабун бетӀербахъи гьабула. АлхӀамдулиллагь, кваназеги ретӀинеги камун гьечӀо. Рагъги кьалги бихьугеги нилъер халкъалда, щибаб къойил БетӀергьанасда гьарула дица балагьалдаса нилъер улка-ракь цӀунун тагиян.

ГӀемераб бечелъи гӀадамасе балагь бугилан тола дица. Рузман къоялъ гӀадамал чӀорого раччула киридухъ, Аллагьасе гӀоло. Дица рикӀкӀуна гьеб дир рахъалдасан БетӀергьанасе щукру гьабилъун бугилан. Дир гьеб гьитӀинабго кири цо-цоязда кӀодогоги бихьулеб батила, амма дидаса разилъун гӀадамаз дие гьабулеб дугӀаялде дандеккун гьеб цӀакъго гьитӀинаб пиша буго дир черхалъ гьабулеб. Щивасул кӀалдиб ругьунаб рагӀи буго гьанже гӀадамал ццулъун, ццидахун ругилан,-абун. Амма дица абила цӀакъ гӀемерал ругин лъикӀалги, къиматалги, сахаваталги, ракӀ лъикӀалги, гӀамал берциналги гӀадамал,-абун. Дагъистаналъул бусурбабазул идараялда цебе бугеб «Марва-тур» кампаниялъ гьенивеги ахӀун дие кьуна чӀового ХӀежалде ине путевка. Гьелдаса кӀудияб сайгъатги рохелги щибха букӀинеб бусурманчиясе?!

Цо къоялъ маршруткаялъе заправка гьабизеян щварав дида заправщикас абуна цогидазе гӀадин 20 гъурущалде гуреб дуе газ кьезе бугин I5 гъурущалде абун. –Дун гьедин тӀокӀ гьавиялъе гӀилла щиб ккараб?,-абураб дир суалалъе гьес жаваб кьуна заправкаялъул хважаинас дида лъазабунин, дие жиндица бичун босараб багьаялде бокьарабгӀан къадар газ кьейилан. Дица цӀехана гьев щив ва киса кколевилан. Гьев ватана нилъеца тӀадехун бицен гьабурав ГӀумар. Гьес абуна дуца гьабурав жо гьабурав чи Дагъистаналда ккечӀилан.

Аллагь разилъаги церехун рехсарал гӀадамаздаса. Воре, бусурбаби, цо кинавалиго согӀав, гӀанчӀав, боцӀи гӀечӀев чи дандчӀванилан киназдего гӀайибал чӀвазе гӀедегӀуге. Нилъеда согӀавилан кколев чиясулъги ратула нилъелъ гьечӀездасаги цӀикӀкӀун лъикӀал гӀамалал. Аллагь гурхӀаги киназдаго!

***ГӀабдулмажид ЧУПАЛАЕВ.***
***ГӀашилтӀа росу.***


| | | | |
|---|---|---|---|
| Газета основана 1937 г.<br><br>УЧРЕДИТЕЛЬ:<br>Администрация<br>Унцукульского района<br><br>Главный редактор<br><br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА<br>САНИЯТ<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД<br><br>Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.<br><br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции:<br>51373<br>Унцукульский район<br>п. Шамилькала<br>ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора<br>89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br><br>Подписано в печать - 30. 5. 18 г. 14.20<br>фактически -16. 50 мин.<br>.......................................<br>Газета выходит 52 раз в год<br>на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |